



Kisa ou dwe atann apre pitit ou a fin pran vaksen COVID-19 la (6 mwa jiska 4 ane)

Lè w fè timoun yo pran vaksen kont COVID-19 sa ka ede yo:

- Pa pran COVID-19.
- Pa vin malad grav si yo pran COVID-19.
- An sekirite lè yo ale lekòl oswa nan gadri.
- An sekirite lè y ap fè espò, jwe ak patisipe nan lòt aktivite an gwoup.

Enfòmasyon Jeneral

Apre vaksen COVID-19 la, kò pitit ou a pral kòmanse pwodui antikò epi prepare kò yo nan lòt fason pou pwoteje yo kont viris COVID-19 la. Yo rele sa yon reyaksyon iminitè. Vaksen an PA gen viris ki bay enfeksyon COVID-19 la ladan l.

Menm jan ak lòt vaksen pou timoun, pifò timoun yo ap santi yo byen apre yo fin pran vaksen COVID-19 la. Gen kèk nan yo ki ka santi yo yon ti kras "pa byen." An jeneral, se yon siy ki vle di vaksen an kòmanse ap mache.

Men efè segondè vaksen genyen an jeneral nou rankontre pi souvan lakay timoun yo:



Yon bra k ap fè yo mal



Tèt fè mal



Lafyè



Frison



Fatig

Kisa pou w fè apre vaksen an

Asire w ou bay pitit ou anpil lanmou ak atansyon apre vaksen COVID-19 la. Pifò efè segondè vaksen yo anjeneral modere epi yo kout. Si pitit ou a gen efè segondè, gen bagay ou ka fè pou w ede l santi l pi byen.

Si kote yo fin pike l la ap fè l mal apre li fin pran vaksen an:

- Mete yon konprès frèt ki vlope nan yon sèvyèt oswa yon ti sèvyèt mouye sou zòn k ap fè li mal la pou jiska 20 minit, oswa jan sa nesèsè.
- Ankouraje yo pou yo bouje bra yo oswa janm yo pou w ede yo ak doulè a epi ak pati ki anfle a. Pou ti bebe yo, ou ka deplase janm yo dousman pou yo.

- Ba yo yon medikaman pou soulaje doulè ki pa aspirin, tankou ibipwofèn oswa asetaminofèn. Si w bezwen èd pou w konn ki dòz pou w ba yo, wè sa avèk pedyat ou oubyen famasyon w.

Si pitit ou a gen yon lafyè:

- Ba yo anpil likid, sitou dlo.
- Ba yo yon medikaman pou soulaje doulè ki pa aspirin, tankou ibipwofèn oswa asetaminofèn. Si w bezwen èd pou w konn ki dòz pou w ba yo, wè sa avèk pedyat ou oubyen famasyon w.

Enfòmasyon Espesyal pou Ti bebe ak Timoun piti

Ti bebe yo ak timoun piti yo ka pa kapab di w ki jan yo santi yo, kidonk li enpòtan pou w ba yo plis atansyon pandan kèk jou apre yo fin pran vaksen. Yo ka sanble vin rechiya, yo kriye plis oswa yo pa manje anpil. Gen kèk timoun ki ka manje mwens pandan 24 èdtan apre yo fin pran vaksen.

Etap adisyonèl sa yo kapab itil apre yo fin pran vaksen:

- Bay ti bebe a tete apre vaksen an si li toujou nan tete.
- Deplase janm ti bebe a dousman detanzantan nan bò li te pran vaksen an.
- Pou ti bebe yo, mete yon ti sèvyèt frèt epi ki mouye kote yo te pran vaksen an, pou ou diminye doulè a ak enflamasyon an.
- Si yo gen lafyè, yon beny ak yon eponj fre kapab kalme yo.

Reyaksyon grav ak vaksen COVID-19 yo ra. Sepandan, li enpòtan pou w konnen ki lè pou w chèche swen medikal.

Kontakte pedyat ou

- Si efè segondè yo enkyete w oswa yo pa sanble ap disparèt apre kèk jou.
- Si pitit ou a gen yon gwo lafyè (104° F (40° C) oswa plis) oswa si li gen feblès apre vaksen an.
- Si ou wè yon bagay ki twouble w.

Dosye ak swivi

- Konsève kat vaksen an depi lè yo ba l premye vaksen an epi pote l nan pwochen randevou yo.
- Si pitit ou a gen ant 6 mwa ak 4 lane, rekòmandasyon an se pou l pran swa 2 vaksen Moderna oswa 3 vaksen Pfizer-BioNTech pou li pwoteje konplètman kont COVID-19.
- Si pitit ou a gen yon sistèm iminitè ki fèb (li gen yon sistèm iminitè ki an feblès) lòt dòz yo nesèsè.
- Note pwochen randevou pou vaksen pitit ou a pou w asire w li pran tout dòz vaksen yo nèt epi li byen pwoteje.

Pou w jwenn plis enfòmasyon:

- <https://www.cdc.gov/vaccines/parents/visit/before-during-after-shots.html>
- <https://www.cdc.gov/vaccines/parents/visit/less-stressful.html>
- <https://covid19vaccine.health.ny.gov/combating-misinformation-about-covid-19-vaccines>

